

AVI SOU LWA POU SISPAÑN ARASMAN SEKSYÈL

Dapre Lwa sou Dwa Imen yo tout anplwayè yo dwe bay yon avi alekri ki gen dwa anplwaye yo ladan l ni sou fòm yon afich pou tout moun wè **epi** ni antanke yon fèy enfòmasyon ke yo distribye bay chak grenn anplwaye nan moman y ap anboche yo a. Dokiman sa a satisfè egzijans afich enfòmasyon an.

Lwa sou Dwa Imen Vil Nouyòk

Lwa sou Dwa Imen Vil Nouyòk la, ki se youn nan pi gwo lwa ki kont diskriminasyon nan peyi a, pwoteje tout moun kont diskriminasyon ki baze sou sèks, e ki gen ladan l arasman seksyèl yo sibi kote y ap travay la, nan lojman yo ak nan akomodasyon piblik yo tankou magazen ak restoran yo. Moun ki vyole lwa yo ka responsab pou yo peye yon sanksyon sivil rive jiska \$250,000 nan ka vyolasyon volontè yo. Komisyon an kapab evalye tou domaj ki fèt akòz detrès emosyonèl yo ak lòt rekou pou viktim lan, epi li ka egzije moun ki vyole lwa a pou l sibi yon fòmasyon, epi li ka enpoze lòt rekou tankou sèvis kominotè.

Arasman Seksyèl Dapre Lalwa

Arasman seksyèl, ki se yon fòm diskriminasyon ki baze sou sèks, se tout konpòtman endezirab vèbal oswa fizik ki baze sou sèks yon moun.

Men Kèk Egzanp Arasman Seksyèl

- se lè yon moun touche yon anplwaye oswa kliyan nan fason endezirab oswa ki pa apwopriye
- se lè w menase oswa angaje w pou pran mezi kont yon moun apre li refize yon apwòch seksyèl
- Se lè yon moun fè kòmantè obsèn oswa seksyèl sou aparans, kò oswa estil abiman yon moun
- se lè yon moun itilize favè seksyèl yo kòm kondisyon pou jwenn pwomosyon oswa lòt opòtinite
- se lè yon moun afiche imaj, desen oswa grafiti pònografik sou òdinatè, imèl, telefòn selilè, tablo afich yo, elatriye
- se lè yon moun fè remak seksis oswa kòmantè denigran ki baze sou sèks

Revanj Entèdi Dapre Lalwa

Yon anplwayè vyole lalwa lè li pran mezi kont ou paske w te opoze oswa ou te pale kont arasman seksyèl ki fèt kote w ap travay la. Lwa sou Dwa Imen Vil Nouyòk la entèdi anplwayè yo fè revanj oswa diskriminasyon “kont pèsòn sou okenn fòm” paske moun lan te opoze yon pratik diskriminatwa ki ilegal. Revanj yo kapab manifeste atravè aksyon dirèk yo, tankou demosyon oswa revokasyon oswa konpòtman ki endirèk, tankou ogmante chaj travay yon moun oswa transfere l yon kote li pa tèlman renmen. Lwa sou Dwa Imen Vil Nouyòk la pwoteje tout moun ki kwè toutbon vre ke konpòtman anplwayè yo a ilegal kont revanj anplwayè yo, menm si yo vin reyalize ke yo te twonpe.

Rapòte Arasman Seksyèl

Si w temwen oswa si w sibi arasman seksyèl enfòmèman manadjè, ofisyè pou opòtinite anlwa egal kote w ap travay la oswa depatman resous imèn pi vit ke posib.

Rapòte arasman seksyèl yo bay Komisyon Vil Nouyòk sou Dwa Imen (NYC Commission on Human Rights). Rele 212-416-0197 oswa ale nan NYC.gov/HumanRights pou konn kijan pou soumèt yon plent oswa rapòte yon diskriminasyon. Ou ka soumèt yon plent san non w pa bezwen ladan l.

Resous Eta ak Gouvènman Federal la

Arasman seksyèl se yon zak ilegal dapre lwa eta ak federal la, kote lwa sou limit yo varye.

Pou soumèt yon plent bay Divizyon Eta Nouyòk sou Dwa Imen (New York State Division of Human Rights) an, tanpri ale sou sitwèb Divizyon nan at **www.dhr.ny.gov**.

Pou soumèt yon akizasyon bay Komisyon pou Opòtinite Anplwa Egal Etazini (U.S. Equal Employment Opportunity Commission, EEOC) an, tanpri ale nan sitwèb EEOC a nan **www.eeoc.gov**.